



Pou Piblikasyon Imedya: 23/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**ANVAN WIKENN JOUNEN MEMORYAL LA, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE  
ENVESTISMAN POU KENBE NOUYÒKÈ YO AN SEKIRITE NAN DLO GRAS AK  
INISYATIV NY SWIMS LA**

***Selebre 100 milyon dola pou rekonsevwa ak re-imjine Konplèks Pisin abandone  
nan Batiman pou Beny Kominal Jones Beach East la; reprezantasyon grafik  
renovasyon ak foto kondisyon ki egziste nan Batiman pou Beny Kominal la  
disponib [isit la](#)***

***Lanse pwogram sibvansyon sovte 5 milyon dola pou ede minisipalite yo konbat  
mankman; aplikasyon yo bout 26 jiyè***

***Anonse 2 milyon dola nan Bidjè ane fiskal 2025 lan pou fè Pisin SUNY yo vin  
pwen ankraj kominotè***

***Bati sou anons anvan yo, ki fè jiska 90 milyon dola disponib nan bidjè ane fiskal  
2025 lan pou etablisman minisipal yo nan kominote ki pa jwenn ase sèvis yo***

***Gouvènè Hochul te anonse tou lòt mezi pou kontwole reken yo nan plaj Pak Eta  
yo nan Long Island pandan ete sa a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a envestisman pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite nan dlo gras ak inisyativ Envestisman nan Tout Eta New York nan Natasyon Minisipal (New York StateWide Investment in Municipal Swimming, NY SWIMS). Gouvènè Hochul te rekonèt ke nwayad se premye kòz lanmò pou timoun ki gen laj 1-4 ane epi ke chanjman klimatik pral ogmante evènman chalè ekstrèm yo, Gouvènè Hochul te pran mezi nan Bidjè 2025 ki te adopte a epi li te lanse lòt inisyativ pou NY SWIMS pou konstwi pisin minisipal nan zòn ki gen gwo bezwen yo, ki konekte Nouyòkè yo ak rivyè ak lak Eta a yo, abòde mank sovtaj la, epi envesti nan pak ak pisin Eta a yo. Nan Pak Eta Jones Beach jodi a, Gouvènè Hochul selebre pwogrè sou plizyè eleman nan inisyativ NY SWIMS la ansanm ak mezi adisyonèl pou kontwole reken nan Pak Eta yo nan Long Island ete sa a.

"Pandan nwayad nan Eta New York rive nan nivo rekò pami jèn timoun yo, li klè ke sa a se yon pwoblèm sante piblik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "NY SWIMS se pi gwo

investisman nan tout eta a nan natasyon depi New Deal la, epi n ap kreye nouvo fason pou bay timoun ak fanmi yo espas ki an sekirite pou aprann kijan pou naje."

### **Inisyativ NY SWIMS yo**

Aksè diferan nan opòtinite san danje epi pratik pou natasyon te refize twòp Nouyòkè chans pou yo angaje nan dlo a epi aprann konpetans debaz sou sekirite nan dlo. NY SWIMS investi nan elaji aksè ak natasyon atravè Eta a, konsantre sou kominote ki pa gen ase sèvis yo ak zòn ki gen tandans fè chalè ekstrèm yo. Li ranvèse tou anpil deseni deinvestisman pou asire ke pak piblik yo ofri nouvo enstalasyon natasyon modèn ki kapab sèvi plizyè milye vizitè chak jou.

### **Renove Batiman pou Beny Kominal Jones Beach East la**

Gouvènè Hochul te sekirize 100 milyon dola pou l investi nan Batiman pou Beny Kominal Jones Beach East la, dènye gwo pyès enfrastrikti anblematik ak istorik Pak Eta Jones Beach ki poko touche nan revitalizasyon 10 ane ki sot pase yo. Konplèks pisin lan pral reyamenaje ak re-imagine pou jenerasyon k ap vini yo jwi. Finansman adisyonèl pou make santyèm sistèm pak la, Pak Eta pral konvèti yon konplèks pisin abandone an yon pak pilverizasyon destinasyon, pou entwodwi ak enkòpore yon karakteristik Aprann Naje (Learn to Swim) inik pou ede timoun ak najè ki pa gen eksperyans rete an sekirite nan yon anviwònman ki pi piti, kontwole. Pak Eta pral fè patenarya ak Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) la pou sipèvize konstriksyon pwojè a. Reprèzantasyon grafik pwojè a ak foto kondisyon ki egziste nan Batiman pou Beny Kominal East la disponib [isit la](#).

### **Bay plis sovtè**

Pou abòde mank sovtaj ki limite anpil tan pou naje an sekirite, Gouvènè Hochul te anonse jodi a disponiblite 5 milyon dola nan fon atravè Depatman Deta pou ede ankouraje rekritman ak retansyon sovtaj atravè New York.

Aplikasyon ki elijib pou finansman an gen ladan Vil New York, tout konte Eta New York yo andeyò Vil New York, ak vil Albany, Buffalo, Rochester, Syracuse, ak Yonkers. An patenarya ak Eta a, konte yo pral gen pouvwa pou dirije finansman lokalman pou ede pi byen sipòte zòn natasyon piblik ki siveye pa sovtè nan Komin, Vilaj ak Vil pa yo ak pwogram natasyon yo pou rive jwenn gwo enpak epi ede kominote yo ki pi bezwen sipò.

Peryòd aplikasyon pou minisipalite ki elijib yo ouvri kounye a epi dat limit pou aplike se 26 jiyè 2024. Yo ka itilize finansman Sibvansyon Sovtè SWIMS pou kouvri depans pwojè ki gen rapò ak opòtinite pou natasyon san danje, tankou:

- Piblisite pou pozisyon sovtè yo
- Retansyon sovtè ak bonis pou referans
- Konplete salè pa èdtan sovtè yo

- Ogmantasyon salè sovte yo.

An 2022, Gouvènè Hochul [te mande](#) yon ogmantasyon salè pou sovte eta a yo pou ede abòde yon mank anplwaye nan plaj ak pisin Pak Eta New York yo, nan teren kan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) yo, ak nan plaj nan zòn kote yo itilize lajounen yo.

### **Konstwi Pisin Minisipal nan Zòn ki Gen Plis Bezwen yo**

Gouvènè Hochul dènyèman [te anonse](#) ke jiska 90 milyon nan nouvo pwogram sibvansyon kapital 150 milyon NY SWIMS disponib kounye a. Enkli nan Bidjè Ane Fiskal 2025 la ak Eta Leta 2024 la, pwogram nan ofri sibvansyon ant 50,000 dola ak 10 milyon dola pou akeri, konsevwa, konstwi oswa rekonstwi enstalasyon, bay gwo renovasyon, amelyorasyon, ak modènizasyon oswa reyabilitasyon enstalasyon natasyon ak zòn natasyon natirèl yo. Demann pou aplikasyon pou premye faz finansman an te afiche 1ye me nan [www.dasny.org](http://www.dasny.org) ak [www.parks.ny.gov](http://www.parks.ny.gov).

Premye peryòd aplikasyon pou sibvansyon kapital NY SWIMS la ap ouvri 13 jen 2024, epi aplikasyon yo dwe soumèt jiska 12 jiyè 2024. Yo prevwa ke prim yo dwe anonse pa anvan 28 out 2024. Aplikasyon yo pral evalye sou karakteristik bezwen, enpak ak vyabilite pwojè yo.

### **Kreye Ank Kominotè pou Pisin SUNY yo**

Gouvènè Hochul te sekirize prèske 2 milyon dola nan Bidjè Ane Fiskal 2025 la pou kanpis SUNY yo pou yo ofri kou sètifikasyon sovta ak elaji aksè ak kou aprann naje pou jèn yo. SUNY pral kolabore ak lekòl yo, jèn yo ak òganizasyon kominotè ak minisipalite yo pou ogmante opòtinite pou aprann naje atravè tout rejyon Eta a. Anplis de sa, New York pral ankouraje etidyan SUNY ki se gwo najè yo pou yo vin sovte lè yo kouvri depans yon egzamen sètifikasyon sovte, epi lè yo bay kredi inivèsite pou kou fòmasyon sovte. Aplikasyon pou finansman ap vin disponib nan semèn k ap vini yo, epi nenpòt kanpis SUNY ki gen yon pisin ki ap fonksyone ap elijib pou jwenn lajan.

### **Amelyore Opsyon Natasyon ak Eksperyans nan Pak Eta yo**

Yon pati nan inisyativ NY SWIMS Gouvènè a se kreye plis opòtinite ansèyman natasyon epi kenbe timoun yo pwoteje nan pisin oswa plaj yo. Gouvènè Hochul te mande Pak Eta yo pou:

- Double kantite pisin ak plaj ki ofri pwogram ansèyman sou sekirite nan dlo an 2024 – soti nan 7 rive nan 17 – ajoute plaj ak pisin gradyèlman nan ane k ap vini yo.
- travay pou transpòte elèv yo ak fanmi yo nan enstalasyon kote yo ofri natasyon atravè pwogram Connect Kids yo.
- ofri krèm kont solèy gratis nan pisin Pak Eta yo pou ede fanmi yo rete an sekirite nan solèy la epi jwi deyò a.

## **Siveyans pou reken nan Plaj Eta yo nan Long Island**

Gouvènè Hochul jodi a te bay Nouyòkè yo mizajou tou sou mezi pou kontwole reken ak lòt lavi maren nan Plaj Eta nan Long Island ete sa a. Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) (State Parks) Eta New York te ajoute ak renouvle kapasite siveyans, ki gen ladan plis dwòn ak operatè dwòn, pou prepare pou sezon natasyon nan Plaj Pak Eta yo Long Island. Natasyon ouvè pou sezon an nan Pak Eta Jones Beach, Robert Moses ak Sunken Meadow nan wikenn Jounen Memoryal la.

Kapasite siveyans elaji Pak Eta a nan ete sa gen ladan:

- Pak Eta Long Island ap ajoute senk dwòn nan 17 li genyen yo ki an fonksyon kounye a (ki gen ladan sis nan Jones Beach ak kat nan Robert Moses) pou yon total 22 dwòn.
- Pak Eta Long Island yo gen 29 pilòt dwòn ki resevwa fòmasyon pami anplwaye operasyon yo, sovtè yo ak Lapolis Pak yo, epi yo pral ajoute omwen 11 pilòt adisyonèl anvan 4 jiyè.
- Yon dwòn ki asiyen nan Lapolis Pak yo se yon gwo dwòn antrepriz ki gen imaj tèmik, detektè lazè, ak kamera kigen bon jan kalite pou pèmèt siveyans lannwit ak patwouy nan kondisyon move tan. Dwòn sa a kapab tou lage aparèy flotasyon pèsònèl an ijans.

Anplis de sa, Eta New York pwolonje peryòd aplikasyon an pou [Pwogram Sibvansyon Dwòn Bò Plaj](#) jiska 1e novanm.

**Komisè Enterimè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik nan Eta New York la, Randy Simons, te deklare,** "Natasyon se youn nan fason ki pi popilè ak amizan moun yo jwi pak nou yo – epi li se yon konpetans enpòtan nan lavi yo. Pandan n ap selebre Santènè Sistèm Pak Eta New York la, li apwopriye pou revitalizasyon istorik Batiman pou Beny Kominal Jones Beach East la se yon poto santral nan inisyativ NY SWIMS Gouvènè Hochul la. Ajans nou an pa ka tann pou l travay ak Gouvènè a pou elaji opsyon natasyon piblik san danje ki nesèsè pou Nouyòkè yo."

**Sekretè Deta New York la, Walter T. Mosley, te deklare,** "Pwogram NY SWIMS Gouvènè Hochul la pral ede minisipalite yo ranfòse efò yo pou rekrite ak kenbe sovtaj pou timoun ak granmoun ka jwi dlo a nan yon jou ete ki cho san danje epi paran yo ka jwenn rekonnfò lè yo konnen yon dezyèm seri je la pou pwoteje fanmi yo. Avèk finansman sa a, Depatman Deta pare pou ede gouvènman lokal yo soulaje kèk nan mank sovtvè n ap fè fas atravè eta a."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral DASNY Robert J Rodriguez te deklare,** "Otorite Dòtwa Eta New York (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY) gen yon gwo fyète nan sipòte vizyon Gouvènè Hochul pou kreye nouvo opòtinite natasyon ak lwazi nan tout Eta New York. Nou kontan anpil pou n ede reyalize

investisman kapital ki nesesè yo atravè eta a atravè inisyativ NY SWIMS la. Resous sa yo enpòtan anpil nan kominote nou yo ki pa gen ase sèvis pandan n ap travay pou konstwi yon pi bon New York pou jenerasyon jodi a ak jenerasyon k ap vini yo."

**Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare,** "Yon eleman kle nan inisyativ NY SWIMS Gouvènè Hochul la se bay ekipman nan pisin ak plaj yo nan kominote yo atravè Eta New York kote timoun yo ap aprann konpetans esansyèl epi ki kapab sove lavi yo nan natasyon. OGS fyè pou l mete tèt li ansanm ak patnè nou yo nan Pak Eta yo pou renove epi kreye yon pisin pou aprann naje ki konplètman aksesib nan Batiman pou Beny Kominal Jones Beach East istorik la nan Long Island."

**Senatè Eta a, Kevin Thomas te deklare,** "Pandan n ap prepare pou ete sa a, mwen kontan sipòte inisyativ NY SWIMS Gouvènè Hochul pou amelyore sekirite dlo atravè eta a. Investisman sa yo pral asire ke moun Long Island yo kapab jwi vwa navigab nou yo san danje epi ak responsablite pou ane k ap vini yo epi yo pral montre angajman nou pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite pandan y ap jwi aktivite deyò sou tè ak nan dlo."

**Manm Asanble a Michaelle C. Solages te deklare,** "Investisman sa a nan pisin piblik yo pral pèmèt plizyè Nouyòkè adisyonèl aprann kijan pou yo naje. Plis timoun nan eta nou an ta dwe aprann konpetans ki gen anpil valè sa a ki sove lavi epi ki fè ete pi agreyab pou tout moun. Long Island pral san dout benefisye investisman istorik sa yo nan NY SWIMS, Jones Beach, ak plis sovte pou fè natasyon pi aksesib pou tout pèp nou an."

**Direktè Egzekitif Asosyasyon Konte New York yo, Stephen Acquario, te deklare,** "Investisman Eta a nan pisin lokal yo pral elaji opòtinite pou rekreyasyon ete nan plaj ak pisin minisipal nou yo atravè eta a, anpil ladan yo pa gen kapasite pou fè investisman ki nesesè yo. NY SWIMS, yon priyorite Gouvènè Hochul pandan negosyasyon bidjè eta a, bay yon enfizyon kapital inik ki pral elaji opòtinite pou rezidan yo naje, yon konpetans ki dire tout lavi. Anplis de sa, NY SWIMS pral bay konte yo ak gouvènman lokal yo finansman pou fòme ak rekrite sovte yo, ki gen anpil demann. Konte yo bat bravo pou Gouvènè a paske li te adrese yon bezwen ki pa satisfè atravè eta a."

**Direktè Egzekitif Konferans Majistra Eta New York la, Barbara Van Epps, te deklare,** "NYCOM bat bravo pou Gouvènè Hochul non sèlman paske li fè natasyon vin yon priyorite nan tout New York, men tou paske li pwomouvwa natayon an sekirite lè li asiyen resous espesyalman pou abòde mank sovte nan anpil nan kominote nou yo. Ak mwa ete yo k ap apwoche rapidman, inisyativ sa a pral kontribiye anpil pou ogmante ak amelyore opòtinite lwazi ki egziste pou timoun ak fanmi yo nan tout Eta a."

**Lidè minorite Konte Nassau Delia, DeRiggi-Whitton, te deklare,** "Angajman Gouvènè Hochul pou amelyore sekirite piblik ak byennèt kominote atravè inisyativ NY SWIMS la vrèman louwab. Investisman siyifikatif sa yo ap fè yon gwo sansasyon nan Konte Nassau, ki reflete yon apwòch pwo-aktif pou asire ke chak Nouyòkè ka plonje

nan bèl dlo nou yo san danje. Inisyativ sa a pral asire ke ete nou an pi an sekirite ak pi agreyab, li etabli yon nouvo estanda pou byennèt kominote a ak sekirite dlo atravè Long Island."

**Sipèvizè Adjwen Vil Hempstead Dorothy Goosby, te deklare,** "Angajman inebranlab Gouvènè Hochul pou sekirite dlo a briye atravè envestisman 100 milyon dola li nan revitalize Batiman pou Beny Kominal Jones Beach East la. Soti nan Pwogram Sibvansyon Sovtè pou sipòte Pisin SUNY yo, inisyativ li yo ap fè yon diferans reyèl. Gouvènè Hochul se yon vrè lidè nan kenbe Nouyòkè yo an sekirite nan dlo a."

**Ko-fondatè Kowalisyon pou Sekirite nan Dlo New York (New York Water Safety Coalition), Fondatè End Drowning Now (Mete Fen nan Nwayad Kounye a), ak Direktè Stop Drowning Now (Sispann Nwaye Kounye a) Bobby Hazen, te deklare,** "Yo kapab prevni nwayad, kidonk ak edikasyon apwopriye sou sekirite nan dlo pou paran nou yo, moun k ap bay swen yo, timoun yo, ak kominote yo sou kouch pwoteksyon ki nesèsè yo ak enpòtans ki genyen nan pran Leson Natasyon nou absoliman ka redwi risk pou yo nwaye. Mèsi Gouvènè Hochul paske li rekonèt pwoblèm nan epi li pran inisyativ pou ede rezoud li."

**Fondatè ReesSpecht Life ak kreyatè ReesSpecht Water Campaign Rich Specht, te deklare,** "Ak dènye rapò CDC yo ki endike ke lanmò nwayad yo kontinye ap ogmante nan nivo nasyonal, li klè apwòch aktyèl nou an pa mache. Fanmi nou an, ki te fè eksperyans pèt sa a pèsònèlman, trajikman okouran de ki jan inyorans kolektif nou an konsènan sekirite dlo ap koute nou lavi pitit nou yo. Edikasyon se kle pou ranvèse tandans sa a epi nou bat bravo pou Gouvènè a pou angajman li pou edike fanmi New York yo sou danje reyèl nwayad reprezante pou timoun nou yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)